



Gid pou Pwogram LIFT UP 2025 yo

Aprè revokasyon egzansyon kont taks lavant sou manje pou konsomasyon adomisil la, vil la te etabli yon pwogram ranbousman taks sou pwodwi manje pou rezidan Greeley yo. Pou pwogram ranbousman 2025 lan, ranbousman an se pral \$100.00 pou chak moun. Sa ki swiv yo se gid ak kalifikasyon yo.

Anplis de sa, yo te kreye yon pwogram asistans sèvis piblik pou kliyan ki se kliyan sèvis dlo Greeley yo. Si kliyan an kalifye, li pral resevwa yon kredi \$150 sou fatki dlo li a. Menm kalifikasyon sou revni yo aplike.

Aplikan an dwe genyen yon total revni famiyal anyèl pou ane 2025 lan ki nan nivo oswa ki pi ba nivo sa yo:

Kantite Manm Fanmi yo	Revni Brit Anyèl Maksimòm
1	\$43,284
2	\$56,604
3	\$69,924
4	\$83,256
5	\$96,576
6	\$109,896
7	\$112,392
8	\$114,888
Chak Lòt Moun	\$2,496

Lè y ap detèmine revni pou kalifikasyon an, montan revni sa yo ta dwe enkli:

1. Salè, peman, kado/ tep, elatriye (ki gen ladan Deklarasyon Taks ki ranpli pou 2025 lan ki gen ladan w-2/1099)
2. Revni sou enterè, dividann, elatriye.
3. Revni Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sipleman tè
4. Pansyon, avantaj VA, Pansyon pou Granmoun Aje
5. Asistans Sosyal (tankou AFDC), lòt revni.

Manm fanmi yo se depandan legal ki deklare sou fòmilè federal 1040 lan. Tout bagay sa yo ta dwe parèt sou Deklarasyon Taks sou Revni Federal Aplikan an pou ane 2025 la pou rezon verifikasyon.

Aplikan an dwe yon rezidan Greeley aktyèl ki te rete nan vil la pandan omwen dis (10) mwa nan ane 2025 lan. Prè rezidans 10 mwa a dwe atache ak aplikasyon an. Egzanp prè yo se yon kat idantifikasyon ki valid, yon lisans chofè, yon resi lwaye, yon fakti gaz oswa kouran, yon fakti sèvis dlo oswa yon fakti telefòn. Kopi fakti yo dwe montre dat yo ansanm ak non ak adrès moun k ap aplike pou ranbousman taks sou manje a. Nenpòt nan egzanp sa yo ki gen dat lè aplikasyon an depoze an se fason ki akseptab pou pwouve rezidans.

Aplikan an dwe gen yon adrès lari, se pa dwe yon nimewo livrezon jeneral ni yon nimewo bwat lapòs. Mete nimewo telefòn ou ladan 1.

Y ap bay chèk ranbousman taks sou manje yo detanzantan epi voye yo pa lapòs nan adrès ki sou aplikasyon an.

Pou kliyan sèvis piblik yo, yo pral aplike yon kredi \$150 sou fakti dlo kliyan an depi yo fin verifye revni kliyan an.

Y ap aksepte aplikasyon pou pwogram ranbousman 2025 lan soti 1ye Fevriye 2026 rive 31 Me 2026.

Enstriksyon pou Aplikasyon

1-24 Fevriye 2026: Rezidan yo ka depoze oswa voye aplikasyon an pa lapòs ki konplètman ranpli a bay City of Greeley, Utility Billing, 1000 10th Street, Greeley, CO 80631.

25-27 Fevriye 2026: Rezidan yo ka depoze aplikasyon ki ranpli a nan Gichè Faktirasyon Sèvis Piblik la nan City Hall, 1000 10th Street, Greeley, CO 80631.

Apati 2 Mas 2026: Rezidan yo ka depoze oswa voye aplikasyon an pa lapòs nan City of Greeley, Utility Billing, 1200 11th Avenue, Greeley, CO 80631.

KESYON YO POZE SOUVAN

1. Èske mwen dwe rete nan limit Vil Greeley a pou m ka aplike pou ranbousman an?
Repons: **Wi.** Se sèlman moun k ap viv nan limit vil Greeley yo ki kalifye pou ranbousman sa a.
2. Èske ou oblije ranpli fòmilè sa a si ou te ranpli l ane pase?
Repons: **Wi.** Kantite moun ki nan yon kay ka chanje akòz yon lanmò oswa yon nesans oswa lòt manm k ap viv avèk ou pandan ane a. Sa a akselere tou pwosesis la pou jwenn ranbousman ou a.
3. Èske mwen oblije mete deklarasyon taks sou revni mwen an si mwen voye W-2 mwen an?
Repons: **Wi.** Pou kalifye pou ranbousman an, ou dwe te ranpli taks ou yo si sa nesèsè epi ou dwe bay yon kopi deklarasyon taks ou te ranpli a.
4. Èske mwen oblije mete avantaj revni mwen te resevwa atravè Sèvis Sosyal Konte Weld la?
Repons: **Wi.** Tout revni ou menm oswa manm kay ou yo te resevwa a dwe deklare nan aplikasyon w lan, menm si li pa enkli nan fòmilè taks sou revni ou yo. Sepandan, li pa ka sèvi kòm sèl sous revni ki kalifye. Aplikan yo dwe gen omwen yon lòt sous revni pou yo kalifye.
5. Konbyen tan sa pral pran anvan mwen resevwa ranbousman mwen an?
Repons: **Akòz** pwosesis ki enplike a, li ka pran jiska 3 semèn anvan yo voye chèk ranbousman taks sou manje w la pa lapòs epi y ap aplike kredi sou fakti dlo a.
6. Èske ou oblije gen alafwa siyati mari/madanm lan sou aplikasyon an?
Repons: **Si** nou se yon koup marye k ap viv nan menm kay la, nou toude dwe siyen aplikasyon an.
7. Konbyen fwa mwen ka aplike pou Ranbousman Taks sou Manje ak/oswa Asistans pou Faktirasyon Sèvis Piblik la?
Repons. Aplikan ki **kalifye** yo kalifye pou yon rabousman chak ane kalandriye.



Aplikasyon 2025- Pwogram LIFT UP 2025 yo Fòmilè Aplikasyon

Pou kalifye pou ranbousman taks sou manje a, aplikasyon an dwe ranpli epi retounen nan biwo nou an oswa dwe voye nan lapòs dis 31 Me 2026. Ou ka resevwa aplikasyon pou asistans pou fakti dlo pandan tout ane a, men yo ankouraje pou fè yo ansanm ak ranbousman taks sou manje a.

1-24 Fevriye 2026: Rezidan yo ka depoze oswa voye aplikasyon an pa lapòs ki konplètman ranpli a bay City of Greeley, Utility Billing, 1000 10th Street, Greeley, CO 80631.

25-27 Fevriye 2026: Rezidan yo ka depoze aplikasyon ki ranpli a nan Gichè Faktirasyon Sèvis Piblik la nan City Hall, 1000 10th Street, Greeley, CO 80631.

Apati 2 Mas 2026: Rezidan yo ka depoze oswa voye aplikasyon an pa lapòs nan City of Greeley, Utility Billing, 1200 11th Avenue, Greeley, CO 80631.

Lè ouvèti yo se soti 8 a.m. rive 5 p.m. Lendi jiska Vandredi. Aplikan ki kalifye yo kalifye pou yon ranbousman chak ane kalandriye.

Non Fanmi	Non	Dezyèm non Inisyal	Dat Nesans	Imel
Adrès Lakay	Vil	Eta	Kòd Postal	Nimewo Telefòn
Adrès Postal (si li diferan)	Vil	Eta	Kòd Postal	
Non Mari oswa Madanm nan		Mari oswa Madanm Dat Nesans		

Èske ou te yon rezidan Greeley pandan omwen 10 mwa nan lane 2025 lan? Wi ☐ Non ☐
Èske ou se yon rezidan Greeley kounye a? Wi ☐ Non ☐ # Kont Dlo a _____

Manm fanmi ki kalifye yo ta dwe endike pi ba a. Tanpri pote kat sekirite sosyal pou chak manm fanmi ki kalifye yo pou verifikasyon.

NON	Laj
1.	
2.	
3.	
4.	

Tanpri itilize fich travay ki pi ba a pou detaye sous revni yo ak montan yo. Prè revni dwe akonpaye aplikasyon sa a. Y ap refize aplikasyon an si ou pa atache enfòmasyon yo. Prè yo ka gen ladan, men pa limite a, kopi bagay sa yo:

1. Salè, peman, kado/ tep, elatriye.
2. Revni sou enterè, dividann, elatriye.
3. Revni Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sipleman
4. Pansyon, avantaj VA, Pansyon pou Granmoun Aje
5. Asistans Sosyal (tankou AFDC), lòt revni.

Mete ladan l TOUT kategori revni ki aplike yo	ANYEL Anvan Taks Revni Kay la
1. Salè, peman, poubwa, ak lòt konpansasyon anplwaye	\$
2. Enterè ak dividann	\$
3. Sibvansyon ak prè	\$
4. Revni biznis, ki gen ladan revni agrikilti, lwaye, ak dwadotè	\$
5. Avantaj Sekirite Sosyal (eksepte Medicare)	\$
6. Avantaj SSI yo	\$
7. Avantaj SSDI yo	\$
8. Asistans Sèvis Sosyal Konte Weld (SNAP, OAP, TANF, elatriye)	\$
9. Swen Lakay	\$
10. Pansyon alimantè pou timoun ak pansyon pou konjwen	\$
11. Pansyon ak sibvansyon	\$
12. Tout lòt revni yo – tanpri eksplike	\$
Total Revni 2025 (Ajoute liy 1 jiska 12):	\$

Sou pinisyon pou fo temwayaj, mwen deklare ke mwen te li epi mwen konprann enfòmasyon ak kalifikasyon ki nan aplikasyon sa a, epi, selon tout sa mwen konnen, enfòmasyon yo egzak epi konplè. Pou ou kalifye pou yon ranbousman sou taks sou manje ak asistans pou sèvis piblik, ou dwe siyen aplikasyon yo.

Siyati _____ Dat _____

Siyati Mari oswa Madanm lan _____ Dat _____

Moun ki prepare l la se _____ Dat _____

Nimewo Telefòn Moun ki Prepare l la _____

Kesyon?

Rele nou nan 970-350-9748 oswa voye yon imel bay Lift.Up@greeleygov.com.

Kijan ou te tande pale de Pwogram LIFT UP yo?

- ☐ Radyo
- ☐ Flayèz/Afich Ki kote? _____
- ☐ Òganizasyon Ki pa La Pou Fè Pwofi Kiyès? _____
- ☐ Biwo Konte Weld la
- ☐ Zanmi
- ☐ Patisipan pase
- ☐ Kwochè nan pòt
- ☐ Sitwèb _____
- ☐ Lò _____

Sa pral ede nou nan efò nou pral fè alavni pou enfòm moun yo sou pwogram nan. Mèsi!

Pou Itilizasyon Biwo Sèlman

Aplikasyon 2025- _____ Dat yo Resevwa l _____

Kantite Manm Fanmi _____ Asistans pou Sèvis Piblik **WI NON**

Nimewo Kont Dlo ak Egou _____

Verifye: Revni \$ _____ Montan ranbousman \$ _____

Siyati _____